# SYUJETLI LIRIKANÍŃ QÁLIPLESIWI HÁM RAWAJLANÍW BASQÍShLARÍ

**Dosımbetova Abadan Alievna –** *filologiya ilimleriniń kandidatı, docent*
**Jalgasbaeva Ayzada Abdulla qızı** – *magistrant*
Jalgasbaevaayzada411@gmail.com
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

# СТАНОВЛЕНИЕ И ЭТАПЫ РАЗВИТИЯ СЮЖЕТНОЙ ЛИРИКИ

**Досымбетова Абадан Алиевна** – *кандидат филологических наук, доцент*
**Жалгасбаева Айзада Абдуллаевна** – *магистрант*
*Каракалпакский государственный университет имени Бердаха*

# THE FORMATION AND DEVELOPMENT STAGES OF PLOT LYRICS

**Dosimbetova Abadan Aliyevna** – *Candidate of Philological Sciences, Associate Professor*
**Jalgasbayeva Ayzada Abdullayevna** – *master's student*
*Karakalpak State University named after Berdakh*

**Tayanch so'zlar:** badiiy adabiyot, epos, lirika, drama, syujet, syujetli lirika, syujet elementi.

**Rezyume.** Maqolada syujetli lirikaning shakllanishi va rivojlanish bosqichlari, badiiy adabiyotning turlari va lirika shakllari ko'rib chiqiladi. Lirikadagi ilk syujet elementlari ham tahlil qilinadi.

**Ключевые слова:** художественная литература, эпос, лирика, драма, сюжет, сюжетная лирика, сюжетный элемент.

**Резюме.** В статье рассматривается формирование и этапы развития сюжетной лирики, разновидности художественной литературы и формы лирики. Также анализируются ранние сюжетные элементы в лирике.

**Key words:** fiction, epic, lyric, drama, plot, narrative lyric, plot element.

**Summary.** This article discusses the formation and developmental stages of narrative lyric, a form of lyric poetry in fiction. Additionally, it analyzes the initial plot elements found in lyric poetry.

**Kirisiw.** Qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminiń qáliplesiwine aytarlıqtay kóp waqıt bolmaǵan bolsa da, kórkem ádebiyatımızdıń dúnyaǵa belgili ulgilerin izertlew jumısları áste-aqırınlıq penen rawajlanıp barmaqta. Degen menen ele izertleniwi kerek bolǵan tarawlar da barshılıq, solardıń biri biziń jumısımızdıń predmeti bolǵan syujetli lirika. Kórkem ádebiyattıń turleri bolǵan epika, lirika hám dramanıń da atqaratuǵın xızmeti, wazıypası birdey, yaǵnıy insan ruwxıyatına tásir etiw, shınlıqtı ańlawǵa, pikirlerdi tınıqlastırıwǵa járdemlesiwden ibarat. Biraq, olardıń maqsetlerine jetiw jolları, forması hám dúzilisi hár qıylı. Lirika óziniń qısqalıqqa umtılıwı, emocional sezimlerdi tez hám tásirli jetkerip beriwi menen epika hám dramadan ayrıqshalanıp turadı.

**Ádebiyatlar analizi.** Lirika hám ondaǵı syujetli lirika haqqında rus ádebiyatında A.N.Veselovskiy (Syujetler poetikası), G.N.Pospelov, T.V.Polejaevalar (Lirikadaǵı syujet) óz miynetlerinde eń dáslepki pikirlerdi aytıp ótedi [13, 14, 15]. Al qaraqalpaq ádebiyatında bul haqqındaǵı pikirlerdi XX ásirdegi ilimiy miynetlerde úshıratamız: Q.Jarimbetovtıń «XIX ásir qaraqalpaq lirikasınıń janrlıq qásiyetleri hám rawajlanıw tarıyxı», Q.Jarimbetov, B.Genjemuratovtıń «Adebiyat teoriyası», G.Tlewniyazova «Xojamurat Turımbetovtıń dóretiwshilik dúnyası», P.Dabilovtıń «Qaraqalpaq ádebiyatında lirikalıq qaharman koncepciyası» hám «Lirikalıq shıǵarma kompoziciyasınıń sfecifikası» miynetleri boldı [1, 3, 4, 11]. I.Yusupovtıń «Ómir saǵan ashıqpan» (1999), «Hár kimniń óz zamanı bar» (2004), toplamlarınan paydalanıldı [16, 17].

**Tiykarǵı bólim.** Lirikanıń payda bolıwı tarıyxı áyyemgi jıllarǵa barıp taqaladı. Sebebi bul dáwirlerdegi tarıyxıy esteliklerden lirika haqqındaǵı yamasa onıń úlgileri tabılǵan. Ilimpazlardıń izertlewinshe lirika batısta Áyyemgi Greciya hám Rimge, shıǵısta bolsa, Qıtay hám Parsı ellerine tuwra keledi. Dáwirler ótip insaniyat rawajlanıwı menen mádeniyat ta qáliplesip sol tiykarda kórkem ónerdiń bir tùri bolǵan ádebiyat ta rawajlanıp bardı. «Qaraqalpaq lirikası úsı janrdıń qatań talaplarına juwap beretuǵın ádebiy kórkem qubılıs sıpatında XIX ásirde tolı qáliplesti hám kúshli rawajlandı. Úsı ásirde jasaǵan hám dóretiwshilik etken ulken qaraqalpaq shayırları Kúnxoja (1799-1880), Ájiniyaz (1824-1878), Berdaq (1827-1900), Ótesh (1828-1903), Gúlmurat (1832-1897), Sarıbay (1830-1898) hám t.b qaraqalpaq sóz ónerinde burınnan bar xalıq qosıqlarınıń dásturlerine hám eski turkiy, sonday-aq arab-parsı ádebiy dásturlerine súyenip lirika janırın rawajlandırdı» [1]. Joqarıda atı atalǵan shayırlardıń dóretiwshiligi bizge aldınnan belgili. Klassik ádebiyatımızdıń úlgileri házirgi qaraqalpaq hám tuwısqan xalıqlar ádebiyatında da filosofiyalıq, didaktikalıq hám tárbiyalıq áhmiyetke iye. «XX ásirge kelip qaraqalpaq ádebiyatı shayır-jazıwshılar menen tolısıp bardı. «Qaraqalpaqstan» baspasınan bir qansha shayırlardıń kitapları (qosıqlar toplamları) jarıq kórdi. «Ámiwdárya» júrnalınan da K.Raxmanov, Á.Ótepbergenov, T.Qabulov, Sh.Seytov, J.Aymurzaev, X.Ayımbetov, Q.Jumaniyazov, X.Seytov, S.Pirjanov, B.Qayıpnazarov, U.Pirjanov, T.Mátmuratov hám T.Sársenbaevalardıń qosıqlar durkinleri hám geypara qosıqları hám otızlaǵan jas avtorlardıń qosıqları daǵazalandı» [6:124].

Jurnalda basıp shıǵarılǵan qosıqlardıń formasına názer salǵan halda ilimpaz Qonısbay Kamalov olardı tómendegishe turlerge bóledi: filosofiyalıq lirika, syujetlik lirika, publististikalıq lirika, tórtlik, táriyp, násiyat, jaydarı, aytım qosıqları, sonetler hám t.b. Olardıń teması, ideyası bolsa júdá keń degen pikirlerdi keltirip ótedi. Biziń izertlewimizdiń predmeti bolǵan syujetli lirika haqqında bir qansha miynetlerde pikirler keltirilgen, biraq arnawlı túrde izertlenbegen. Kompoziciyanıń eń tiykarǵı bólegi bolǵan syujet hàr úsh turge de tán qásiyet bolıp, olardıń uqsaslıq hám ózgeshelik tárepler in usı jumısımızda kórip analızlep shıǵamız. Lirikada syujet oy-sezimlerdi jetkerip beriw ushın súwretlengen. Onıń tiykarǵı belgileri lirika predmettiń turmısqa tiykarlanǵan keshirme sıpatında

ekenligi, qaharmannıń jalǵızlıǵı, lirikligi (avtordıń qaharman sıpatında kóriniwi), monologlıq sóylew («men» niń atınan sóylew) diń jetekshilik etiwi, ishki rúwxıy álemin sáwlelendiriwi, meditaciyaǵa (emocional pikirlew), súyeniw xarakterdiń óz tili arqalı jatarılıwı sıyaqlılardan ibarat. Lirikada obraz hám onıń kompoziciyalıq qurılıstaǵı ornı máselesi óz-ózinen ádebiyattanıwda kóp ǵana qarama qarsı pikirlerdi payda etken lirikadaǵı syujet máselesi menen ushlasadı» [12:26], rasında da kompoziciyalıq dúzilisiniń quramında úyreniletuǵın bul bólimi kóp ǵana tartıslı sorawlardı payda etip kelgen. Syujet fransuz sózi (nárse, zat predmet) bolıp, tiykarınan shıǵarmadaǵı waqıyalardıń izbe-izligin súwretleydi. Kórkem shıǵarmada syujet bir neshe basqıshlardan dúzilgen, olardıń hárbiri óziniń atqaratuǵın wazıypası hám jaylasıw orınlarına iye. Syujet ekspoziciya (prolog), waqıyanıń baslanıwı, túyin, waqıyalardıń rawajlanıwı, kulminaciya hám epilogtan dúziledi. Bul bólimler shıǵarmanıń mazmunın ashıp beriwde ulken áhmiyetke iye. «Ádebiyattanıwda «syujet» degen termindi XVII ásirde jasaǵan klassicizm aǵımı wákilleri P.Kornel hám N.Bualo qollanǵanlıǵı tuwralı maǵlıwmatlar bar. Olar bul pikirdi greklerdiń ańızlarǵa aylanǵan qaharmanları tuwralı sóz etken Aristotelden ózlestirgen» [4:111].

Syujet lirikalıq dóretpelerde onıń kólemin, belgili gramatikalıq orın tártipke boysınbaytuǵınlıǵın, dóretiwshiniń imkaniyatların esapqa alıp epika hám dramadaǵı bayanlawdı talap ete almaymız. Biraq bul sistemaǵa túspeydi degen boljaw menen lirikadaǵı syujetti biykarlawǵa da bolmaydı. Tiykarǵı komponentlerin waqıyanıń baslanıwı, shiyelenisiwi, rawajlanıwı hám kulminaciya quraydı. Dóretiwshiniń sheberligi yamasa aldına qoyǵan maqsetine qaray, epilog hám prolog bólimleri qatmasadı. Ekspoziciya bóliminde waqıya súwretlenetúǵın orın, waqıt, qatnasatúǵın personajlardıń jaǵdayı hám olar menen biraz tanıstırıw bolıp ótedi. Jazıwshı shayırlardıń súwretlew stili qalaberse, súwretlew sheberligine baylanıslı ekspoziciya shıǵarmanıń basında yamasa ortasında, orın tártibin ózgertip dóretpeniń aqırında da qollanıla beredi. Keyingi bólim waqıyanıń baslanıwı bolıp onda súwretlenip atırǵan hádiyseniń bolıwına túrtki yáki bir sebep bolatuǵın jaǵday bayanlanadı. Syujetlik rawajlanıw adamlardıń óz ara qarım-qatnaslarınan is-háreketlerdiń rawajlanıwınan payda boladı. Izbe-izlikte rawajlanatúǵın syujette keyingi orında kulminaciya iyeleydi. Bul bólim rawajlanǵan hádiyse, waqıyalardıń shıńına jetkennen soń óziniń sheshimin tabıwǵa jol aladı. Sebebi bul bólimde personajlardıń yáki dóretiwshiniń tikarǵı ideası azlı kem sezilip turadı. Shiyelenisken waqıyalardıń sheshimi tabılıwı menen shıǵarmadaǵı lirikalıq qaharman menen oqıwshı arasındaǵı baylanıs kúsheyip dóretiwshiniń aytajaq pikiri, qosıqtıń jazılıw sebebi, maqseti jóninde maǵlıwmatqa iye bolamız. «Epilog» –grekshe sońǵı sóz, mánisi aytıp turǵanınday epilog shıǵarmanıń juwmaqlaw bólimi. Shayır yamasa jazıwshınıń sheberligine baylanıslı epilog bólimi beriliwi yamasa berilmewi múmkin, lirikada kópshilik jaǵdayda epilog bólimi kórsetilmeydi.

«Sonday-aq, kórkem ádebiyatta syujetli lirika dep atalǵan janr da bar. Bul janrdıń ózgesheligi sonnan ibarat, oy-sezim kishigirim syujet tiykarında rawajlanadı. Qaraqalpaq ádebiyatında syujetli lirikalıq shıǵarmalar A.Dabılov, J.Izbasqanov, X.Turımbetov, I.Yusupov, Sh.Seytov hám basqalardıń dóretiwshiliginde kóplep úshırasadı [4].

Lirikalıq dóretpeni tallaw epika hám dramaǵa qaraǵanda quramalıraq. Ásirese, waqıya hám obrazlar sáwlelengen lirikalıq shıǵarmalardı tallaw bir qansha qıyınshılıq payda etedı. Sebebi, lirikadaǵı waqıyalardı joqarıda keltirgen eki túrdegi sıyaqlı tallaw, analizlew múmkindey bolıp kórinedi, biraq, olay tallaw júritkenimiz qáte boladı. Ilimpaz Q.Yuldoshtıń pikirinshe «lirikalıq dóretpede syujet te personaj da negizinde, «jalǵan syujet», hám «jalǵan personaj» bolıp, onıń beriliw maqseti de basqasha áhmiyetke iye, yaǵnıy psixologiyalıq funkciyanı atqaradı» [8]. Bunda psixologiyalıq degenimiz, insannıń sanasına qalay tásir etiwi, sezimlerine qalay kóshiwi aytıladı. Sebebi, lirikadaǵı waqıyanıń mazmunı hám onı qalay bayanlanıwı áhmiyetli emes, bizge onıń oqıwshıǵa tásir etiwin, sezimlerdi oyata alıwın tallaw baslı orında turadı. Hár qaysı úsh túrde de dóretpeniń ideasın emocional tásirli jetkerip beriliwiniń tiykarı syujettiń bayanlanıwı menen baylanıslı.

Lirikalıq shıǵarmalardıń kóleminiń kishi bolıwınıń nátiyjesinde kompoziciyalıq qurılısı da quramalasadı. Kompoziciyanıń tiykarǵı tayanısh noqatı aqırında boladı, ásirese, kishi lirikalıq dóretpelerde anıq kózge taslanadı.

Qaraqalpaq ádebiyatında syujetli lirika janr sıpatında ótken ásirde-aq qáliplesti. Onıń dáslepki úlgileri bolǵan Sh.Seytov, X.Turımbetovtıń lirikaları bolıp tabıladı. Keyin ala bolsa, I.Yusupovtıń dóretiwshiligine de óz tásirin tiygizedi. Onıń «Ayaz qala», «Ana júregi», «Eki qatın sóyleskende», «Montyor bala sım tartıp keldi», «Sallana dollana barar bir janan», «Bayınulıǵa», «Tusıńnan bir janan ótip baratır», «Qara kóylek ishinde», «Marat Murmuxammedovtı eske túsiriw», «Bir kesa shay qolǵa alıp», «Shaytannıń shaǵımı», «Jollıdan sálem», «Írım», «Allergiya», «Dollar», «Poshsha torǵaydıń ólimi», «Meniń jigit waqtım, seniń qız waqtıń», «Ómirbek laqqı, «Keshki ińirde urıqlıqta», «Patsha hám shayır», «Tallı jaǵıstaǵı eske túsiriwler», «Shıntlap súygen kewil haslan aynımas» h.t.b qosıqlarında syujetli bayanlaw ushırasadı. Syujetli súwretlew shayırdıń oy-sezimlerin beriw, láhzelik keshirmelerdi ótkir jetkeriw ushın da áhmiyetli orın tútqan.

XX ásirdiń basında A.N.Veselovskiydiń «Syujetler poetikası» miynetinde syujet qurılısı haqqında bahalı miynetlerdi keltirip ótedi. Ilimpaz óz miynetinde «Syujetler bul – quramalı naǵıs» [15:304] degen táriyip beredi. Bul pikirden biz shıǵarmanıń mazmunın túsiniwimiz múmkin biraq onı tallaw, qurılısınıń idealıq tematiykasın túsiniw hámmeniń qolınan kele bermeydi degen mánini alamız. Bunıń ushın ilimdi ózlestiriw hám teorıyalıq bilimlerdi úyreniw hám kórkem shıǵarmalar menen shınıqqan bolıw talap etiledi.

XX hám XXI ásirlerde A.N.Veselovskiy, A.I.Pospelov, V.Lesin, A.Pulinets, G.L.Avramovich, A.I.Revyakin, V.L.Údalov, h.t.basqalardıń ilimiy miynetlerinen úyrengen halda syujet haqqında teorıyalıq maǵlıwmatlar keltirilgen maqalaların basıp shıǵardı. Rus ilimpazı T.V.Polejaeva «Lirikadaǵı syujet» dep atalǵan maqalasın lirikadaǵı syujet haqqında jazadı. XX ásirde ilimde bul boyınsha bir qansha qarama-qarsı pikirlerdiń bar ekenligin keltirip ótedi. Yaǵnıy ol dáwirde ilimpazlar arasında tómendegishe kórsetilgen kózqaraslar bar edi: lirikalıq qosıqlar syujetsiz; lirikalıq qosıqlarda kishkene syujet bar; lirikalıq qosıq syujetke iye, biraq arasında syujetsiz; hárdayım syujetli hám ol syujetke tiykarlanadı» [11:21] degen túsiniklerdiń bar ekenligin keltiredi.

Bunnan basqa da tuwısqan xalıqlar ádebiyatında hám ózbek ádebiyatında da bul janr keńnen izertlendi. Atap aytqanda professor D.Quronovtıń izertlewleri biziń itibarımızdı tarttı. Onıń izertlewleri ádebiyattanıw iliminiń rawajlanıwına, epikalıq hám lirikalıq shıǵarmalardıń strúkturasına, kompoziciyalıq qurılısına baylanıslı máselelerdi ortaǵa shıǵardı.

«Barlıq túrdegi epikalıq, dramalıq hám liro-epiklıq túrdegi kórkem shıǵarmalarda syujet bar boladı. Hár bir ádebiy túrde de syujet ózine tán xarakterge iye. Kópshilik lirikalıq dóretpelerde anıq kózge taslanıp turatúǵın syujet dizimi joq» [10]. Izertlew jumısları kóbeygen sayın ilimdegi sorawlar da áste-aqırınlıq penen óz sheshimin taba basladı. Bul másele haqqında ilimpazlarımız Q.Jarimbetov, B.Genjemuratov, P.Dabilov, G.Tilewniyazovanıń pikirleri dıqqatqa ılayıq. «Lirikalıq syujette epikalıq obraz jaratılmaydı. Lirikalıq syujet hár qıylı sezimlerdi oyatıw ushın xizmet etedi» [3:123] – degen pikirler de bul janrdıń qáliplesiwinde payda bolıp atırǵan sorawlarǵa juwap bola aladı. Rasında da, shayır lirikasında óz sezimlerin kewil keshirmelerin oqıwshılarǵa tásirli etip jetkerip beriw ushın ǵana pikirin waqıya kórinisinde súwretlewge háreket etedi. Bunday súwretlew qaraqalpaq ádebiyatında I.Yusupov poeziyasında da ushırasatuǵınlǵın joqarıda da keltirgen edik. Onıń syujetli lirikası ózinen aldın dóretiwshiligi baslaǵan X.Turımbetov hám Sh.Seytovtan biraz parq qıladı.

Shayırdıń 70-jılları dóretilgen «Kewil-kewilden suw isher», kitabına kirgizilgen «Keshki ińirde urıqlıqta» dep baslanatúǵın qosıǵında syujettiń bar ekenligin ilimpaz Q.Jarimbetov bılay keltiredi. «Qosıqta lirikalıq qaharman kishkene bala obrazında kórinedi. Onıń ajapası boy jetken qız aq boz atlı jigitti qosıq etip aytıp júredi. Bir kúni qawın atızda qız kúndegiden ózgeshe, kewli buzılǵan, kózi jaslı halda otıradı. Usı máháli jiydeliktiń artında attıń kisnegen dawsı esitiledi» [3:25].

Jiydelik artında taǵı
At kisnedi, sen asıqtıń,
«Meni úmıtpa» dediń daǵı,
Qaltama bir alma tıqtıń.
Umıt qaldı sınıq aynań,
Men «ketpe» dep jılap turdım.
«Kerek emes bergen almań»
Dep izińnen ılaqtırdım. [17:110]

Syujettiń dúzilisin payda etken lirikalıq qaharmannıń balalıq shaǵındaǵı ajapasınıń aq boz atlı jigit penen qashıp ketiw (turmıs qurıwı) waqtındaǵı sezimleri, ele de yadına tússe sol waqıttaǵıday júregin eljiretip turǵanı sheber kórsetiledi. Joqarıda keltirilgen eki shuwmaqtı waqıyalardıń shıńı dep alsaq boladı. Lekin, lirikada syujettiń barlıq komponentin yamasa orın tártibin saqlawın talap ete almaymız. Usı qosıqtıń sońǵı shuwmaǵı lirikalıq qaharman házirgi dáwirge qaytadı.

Jiydelik artınan taǵı,
Bir top torǵay ushıp ketti.
Qashıp ketken sol aqshamıń,
Búgin yadqa túsip ketti. [17:210] – degen qatarlarında waqıyanıń yadqa túsiriw ekenligin ańlap jetemız.

Syujettiń lirikada beriliwi degende tikkey waqıya-hádiyse emes, sol waqıya arqalı keshirmelerdiń tásirliligi aytıladı. Onı dóretiwshiniń qalay súwretley alıwı tallanadı. Syujetli lirikanıń izertleniwiniń dáslepki úlgileri Aristoteldıń «Poetika» miynetinen baslanadı. Sonıń ala ádebiyatta batıs Evropa hám Rus ilimpazlarınıń dıqqat-itibarın ózine tarttı. Qaraqalpaq ádebiyatında da ol haqqında bir neshe ilimiy maqalar basılıp shıǵarıldı. Syujetli lirikanıń izertleniliwi biziń qaraqalpaq ádebiyatında burınnan tilge alınbaǵan bolsa da, jáhan ádebiyatında bunnan aldınraq izertlenip tartıslı máseleler de sheshilip bolındı. Degen menen hár millet ózine tán ayrıqsha ádebiy jolına iye, sonlıqtan, qaraqalpaq ádebiyatındaǵı syujetli lirikanı óz aldına úyreniw lazım. I.Yusupovtıń dóretiwshiligindegi syujetli lirikanıń qáliplesip rawajlanıwı ótken ásirge tuwra keledi. Qaraqalpaq ádebiyatında bolsa onnan azraq aldın kirip kelgen edi. Sh.Seytov hám X.Turımbetovlardıń dóretiwshiligi shayır ushın túrtki bolǵan bolsa kerek.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda syujetli lirika dúnya ádebiyatında erteden qáliplesip rawajlanǵan janr bolıp, XIX ásirden baslap ilimiy izertlewler obyektine aynalǵan. Al, qaraqalpaq poeziyasındaǵı syujetli lirika hádiysesi boyınsha búgingi kúnge shekem arnawlı ilimiy izertlew jumısları alıp barılmaǵan. Sonlıqtan, en daslep usi janrdıń ózgesheliklerin anıqlawda shet el ilimpazlarınıń ilimiy pikirlerine súyenip analizlewdi maqul kórdik.

## Ádebiyatlar


1. Dabilov P. Qaraqalpaq ádebiyatında lirikalıq qaharman koncepciyası (lirikalıq súbyekt hám obyekt máselesi). – Tashkent: «BOOKMANY PRINT», 2025.
2. Худойбергенов К. Индивидуаллықты белгилеўши сыпат хаққында. Дәўир ҳәм парыз. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987.
3. Jarimbetov Q. XIX ásir qaraqalpaq lirikasınıń janrlıq qásiyetleri hám rawajlanıw tarıyxı. – Nókis: «Bilim», 2004.
4. Jarimbetov Q., Genjemuratov B. Adebiyat teoriyası. – Tashkent: «Sano-standart», 2018.
5. Jarimbetov Q. Ádebiyattanıwdan sabaqlar. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2012.
6. Камалов Қ. «Дала бүркити». – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.
7. Қарақалпақстан жазыўшылары. (Библиографиялық мағлыўматлар). – Нөкис: «Jazıwshı», 2025.
8. Қозоқбой Йулдош, Мухайё Йулдош. Бадиий тахлил асослари. – Тошкент: «Kamalak», 2016.
9. Quronov D. Adabiyoshúnoslikka kirish. – Toshkent: «Qodiriy nomidaǵi xaliq merosi nashriyoti», 2005.
10. Sulton I. Ádabiyot nazariyasi. – Toshkent: «O‘qıtuvchi», 1986.
11. Tlewniyazova G. Házirgi qaraqalpaq lirikasında kompoziciyalıq izlenisler (1998-2010-jıllar) Filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD) disertaciyası. – Nókis: 2020.
12. Тлеуниязова Г. Х. Турымбетовтың дөретиўшилик дүньясы. Монография. – Нөкис: «Илим», 2022.
13. Полежаева Т.В. (Луцк Украина) Сюжет в лирике: целостно системный подход. // Украинский филологический вестник, 2016.
14. Поспелов Г.Н. Лирика среди литературных родов. – Москва: МГУ, 1976.
15. Веселовский А.Н. Историческая поэтика. – Москва: «Высшая школа», 1989.
16. Юсупов И. Хәр кимниң өз заманы бар. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2014.
17. Юсупов И. Өмир, саған ашықпан... – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1999.